

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Dina ieu bab dipedar hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan mangrupa rarancang pikeun milih sumber data jeung data nu rék diolah dina raraga ngajawab pananya dina panalungtikan. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Umar (2008, kc. 6) desain panalungtikan téh mangrupa hiji hal kumaha data dikumpulkeun, diukur, jeung dianalisis.

Métode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 203). Ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif nyaéta hiji cara anu dipaké pikeun ngungkulan atawa ngajawab hiji pasualan anu disanghareupan ayeuna. Anu dilakonan ngaliwatan léngkah-léngkah ngumpulkeun, klasifikasi, jeung analisis/ngolah data, nyieun kacindekan jeung laporan, kalayan udagan utama pikeun nyieun gambaran ngeunaan hiji kaayaan sacara obyékif dina hiji déskripsi kaayaan (Ali, 1985, kc. 120). Dumasar kana wanda obyék panalungtikan aya nu disebut analisis dokumén nyaéta panalungtikan anu ngulik arsip jeung dokumen nu dikumpulkeun. Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta adegan paguneman, wanda maksim kasopanan, jeung adegan maksim kasopanan.

Desain dina ieu panalungtikan sakumaha anu katitén dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta wangun téks paguneman anu aya dina unggal subjudul dina carita nyambung Dirawu Kélong. Éta data dicangking tina sumber data. Sumber data nyaéta subjek ti mana data dicangking (Arikunto, 2010, kc.

Nadia Darunnajah, 2015

*PRINSIP KASOPANAN DINA CARITA NYAMBUNG DIRAWU KÉLONG KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN PAGUNEMAN DI KELAS VII SMP*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

171). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri. Ieu buku téh wedalan PT. Kiblat Buku Utama, Bandung, kandelna 68 kaca, ukuran bukuna panjang 21 cm, jeung lébarna 14,5 cm. Jilidna warna abu tur aya aksara “Dirawu Kélong” anu warna konéng, aksara “Ahmad Bakri” anu warnana bodas, kalayan gambar budak nu rék ditéwak ku hiji mahluk nu katémbong kalangkangna wungkul. Ieu carita nyambung ngawengku 12 épisode anu nyambungkeun carita nu hiji jeung carita nu séjénna. Judul-judul épisodena nyaéta saperti ieu di handap.

- (1) Mélak Salédri;
- (2) Miara Hayam;
- (3) Kabokér;
- (4) Ngangon Domba;
- (5) Embé Jang Udin Ngajuru;
- (6) Moro Beurit;
- (7) Dirawu Kélong;
- (8) Naheun Bubu;
- (9) Ka Pangangonan;
- (10) Musim Hujan;
- (11) Jang Usén Disunatan; jeung
- (12) Nawu Kombongan.

Tina éta sumber data dipilih wangun pagunemanana pikeun dianalisis. Jadi, sakabéh paguneman dina ieu carita nyambung dijadikeun sampel panalungtikan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan digunakeun sampel total.

### **3.3 Ngumpulkeun Data**

#### **3.3.1 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung hasilna bener, dina harti leuwih taliti, lengkep tur sisitematis jadi panalungtikan leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 203).

Nadia Darunnajah, 2015

**PRINSIP KASOPANAN DINA CARITA NYAMBUNG DIRAWU KÉLONG KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN PAGUNEMAN DI KELAS VII SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina prakna nganalisis, instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Ieu kartu data digunakeun sangkan data leuwih babari diolah, leuwih lengkep, leuwih taliti, sarta leuwih sistematis. Carana nyaéta nyalin sakabéh paguneman, dibéré nomer kaca jeung inisial subjudul carita. Éta paguneman dipasing-pasing dumasar kana topik obrolan jeung latar lumangsungna paguneman kalayan maksud babari milah-milah jeung ngawatesanan awal jeung tungtung paguneman. Dina éta kartu ogé ditulis pola paguneman, wanda maksim kasopanan jeung adegan maksim kasopanan.

Tabel 3.1 Kartu Data

<p>Papasingan Data:</p> <p>a. Wangun paguneman  <i>“Bageur Oji mah... Ngingu hayam onghok, lain?”</i>  <i>“Muhun.”</i></p> <p>Latar: Imah Ujang          Topik: Ngingu hayam</p> <p>b. Pola Paguneman: A → B          c. Wanda maksim paguneman : Maksim Pangcocog          d. Adegan maksim kasopanan: A → B (A = Loma , B = Hormat)</p>	<p>(DK/MS/8)</p>
---	------------------

Keterangan:

DK : Judul carita nyambungna nyaéta Dirawu Kélong

MS : Subjudul tina carita nyaéta Melak Salédri

8 : Paguneman aya dina kaca dalapan.

A→B : paguneman lumangsung antara dua tokoh, A ka B.

Kal. Kom : Kalimah Komisif

Kal. Aser : Kalimah Asertif

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji cara anu digunakeun pikeun meunangkeun jeung ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta teknik ulikan pustaka (*bibliografi*) atawa téhnik téks.

Nadia Darunnajah, 2015

**PRINSIP KASOPANAN DINA CARITA NYAMBUNG DIRAWU KÉLONG KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN PAGUNEMAN DI KELAS VII SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu téhnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa paguneman dina carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri.

Langkah-langkah dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) nangtukeun sumber data.
- 2) maca carita nyambung *Dirawu Kélong* karya Ahmad Bakri;
- 3) nyalin paguneman tokoh anu aya dina ieu carita;
- 4) nyieun papasingan paguneman dumasar kana latar jeung topik paguneman kana kartu data tur dicirian paguneman dumasar kaca jeung subjudulna; sarta
- 5) mindahkeun paguneman tina kartu data kana tabél.

### 3.4 Analisis Data

Ngolah data panalungtikan salaku cara pikeun ngaorganisasikeun data sangkan bisa dibaca jeung ditafsirkeun. Kegiatan ngolah data nu sifatna boh kuantitatif boh kualitatif téh dimimitian ku tabulasi. Tabulasi nyaéta proses nyieun tabél induk anu bisa ngawengku susunan data panalungtikan dumasar klasifikasi anu sistematis sangkan leuwih gampang dina analisis saterusna (dina Azwar, 2012, kc. 123).

Téhnik anu dipaké dina ngolah data nyaéta téknik analisis unsur langsung kana wacana. Analisis wacana, anu nurutkeun Bungin (2010, kc. 163) analisis wacana mangrupa salah sahiji cara maham makna pesen salaku alternatif séjén balukar tina kawatesananna analisis eusi. Analisis wacan museur kana pesen anu nyamuni, anu jadi acuan lain pesenna tapi makna atawa harti anu aya dina éta pesen.

Unsur anu dianalisis nyaéta adegan paguneman, wanda maksim kasopanan jeung adegan maksim kasopanan. Ari langkah-langkah ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) mariksa atawa nataan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) nganalisis adegan paguneman;
- 3) nganalisis wanda maksim kasopanan;
- 4) nganalisis adegan maskim paguneman;
- 5) nyieun kacindekan tina prinsip kasopanan anu ditalungtik; jeung
- 6) nyieun bahan pangajaran anu materina ngeunaan paguneman.

Nadia Darunnajah, 2015

**PRINSIP KASOPANAN DINA CARITA NYAMBUNG DIRAWU KÉLONG KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN PAGUNEMAN DI KELAS VII SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

